

Deklarasyon n ap fè osijè règleman pou moun pa fè diskriminasyon : Paragraf sa a ap eksplike sa pou w fè si w panse yo fè w yon enjistis. Dapre Lwa federal ak règleman Depatman Agrikilti Lèzetazini *United States Department of Agriculture (USDA)*, yo entèdi enstitisyon sa a diskrimine dapre ras, koulè po, orijin natifnatal, sèks, laj, oswa andikap. Pou w fè yon plent ofisyèlman poutèt yo diskrimine w, voye yon lèt ba USDA, *Director, Office of Civil Rights, Room 326-W Whitten Building, 1400 Independence Avenue SW, Washington DC 20250-9410* oswa telefòn (800) 795-3272 (pou w pale ak yon moun) ak (202) 720-6382 (pou moun ki soud e pou moun ki bèbè). USDA se yon anplwayè e yon òganizasyon ki founi tout moun sèvis san fè diskriminasyon.

Pou fè rapò sou chanjman : Benefis yo apwouve pou ou lè w ranpli aplikasyon an valab pou tout ane eskolè a. Ou pa bezwen rapòte ankò chanjman sou ogmantasyon lajan w ap touche a, oswa si vin gen mwens moun nan kay la, oswa si w pa resevwa *food stamps* ankò.

Lè pou w aplike von lòt fwa : Ou ka aplike pou benefis nenpòt ki lè pandan ane eskolè a. Epi tou, si w pa kalifye kounye a, e ou vin pèdi travay ou pandan ane eskolè a, oswa si w vin gen mwens moun ki abite avèk ou nan kay la, oswa si w vin gen plis moun ki abite nan kay la ou ka mande epi ranpli aplikasyon an lè sa. Y ap fè w konnen si yo apwouve oswa rejte aplikasyon an.

Konfidansyalite : USDA dakò pou yo revele non ak kondisyon pou kalifye elèv, san konsantman paran oswa gadyen legal la ba moun ki gen koneksyon dirèk avèk administrasyon an oswa ak aplikasyon pwogram edikasyon federal yo tankou Tit I ak Evalyasyon nasyonal sou pwogrè nan edikasyon *National Assessment of Educational Progress (NAEP)*, ki se pwogram Depatman Edikasyon Lèzetazini *United States Department of Education (USDOE)* yo itilize pou detèmine domèn etid tankou kantite lajan yo bay lekòl, pou evalye kondisyon sosyo-ekonomik sektè prezans lekòl, e pou evalye pwogrè onivo edikasyon. Yo ka revele enfòmasyon sa yo tou ba pwogram Edikasyon Leta yo oswa Pwogram Lasante Leta yo ke ajans Leta oswa ajans Edikasyon lokal administre, depi se ajans edikasyon leta oswa lokal la ki administre pwogram lan, ansanm ak pwogram nitrisyon federal, leta oswa lokal ki menm avèk Pwogram nasyonal pou dejene nan lekòl la. Metsousa, tout enfòmasyon ki nan aplikasyon pou pwogram manje gratis oswa manje pou pi piti lajan moun ranpli ki gen koneksyon dirèk avèk administrasyon oswa avèk aplikasyon pwogram otorize dapre Lwa nasyonal pou manje nan lekòl *National School Lunch Act (NSLA)* oswa Lwa pou Nitrisyon timoun *Child Nutrition Act (CNA)*; tankou Pwogram nasyonal pou dejene ak ti dejene nan lekòl *National School Lunch and School Breakfast Programs*, Pwogram espesyal pou lèt *Special Milk Program*, Pwogram manje pou swen adilt ak timoun *Child and Adult Care Food Program*, Pwogram sèvis manje pandan lete *Summer Food Service Program* ak Pwogram espesyal pou nitrisyon siplemantè pou fanm, timoun, ak tibèbe *Special Supplemental Nutrition Program for Women Infants and Children (WIC)*; yo ka revele enfòmasyon yo tou ba Kontwòl jeneral Lèzetazini a pou rezon kontwòl, epitou ba otorite federal, leta, oswa lokal k ap aplike lalwa e k ap fè investigasyon sou vyolasyon yo pretann k ap fèt nan pwogram yo dapre NSLA oswa CNA. Yo ekzije paran oswa gadyen legal yo bay yon konsantman alekri pou revele enfòmasyon yo sou kalifikasyon NSLA pa otorize espesyalman. N ap fè w konnen lè yo apwouve oswa rejte aplikasyon w lan.

| PRI MANJE AK LÈT POU ELÈV POU ANE ESKOLÈ 2006/07 | | | |
|--|-----------|--------|--------|
| | TI DEJENE | DEJENE | LÈT |
| PRI REDWI | 0,00\$ | 0,25\$ | 0,25\$ |
| PRI REGILYE | | 1,50\$ | |

| BARÈM REVNI POU DETÈMINE MOUN KI KALIFYE POU MANJE POU PI PITI LAJAN** | | | | | |
|--|---------------------------------|-------------------------------|----------------------------------|-----------------------------------|--------------------------------|
| Kantite moun ki nan kay la | Revni kay pou lane ki pa depase | Revni kay pa mwa ki pa depase | Revni de fwa pa mwa ki pa depase | Revni chak de semenn ki pa depase | Revni chak semenn ki pa depase |
| 1 | 18.130\$ | 1.511\$ | 756\$ | 698\$ | 349\$ |
| 2 | 24.420\$ | 2.035\$ | 1.018\$ | 940\$ | 470\$ |
| 3 | 30.710\$ | 2.560\$ | 1.280\$ | 1.182\$ | 591\$ |
| 4 | 37.000\$ | 3.084\$ | 1.542\$ | 1.424\$ | 712\$ |
| 5 | 43.290\$ | 3.608\$ | 1.804\$ | 1.665\$ | 833\$ |
| 6 | 49.580\$ | 4.132\$ | 2.066\$ | 1.907\$ | 954\$ |
| 7 | 55.870\$ | 4.656\$ | 2.328\$ | 2.149\$ | 1.075\$ |
| 8 | 62.160\$ | 5.180\$ | 2.590\$ | 2.391\$ | 1.196\$ |
| Pou chak lòt moun ki vin nan kay la AJOUTE : | | | | | |
| + | 6.290\$ | 525\$ | 263\$ | 242\$ | 121\$ |

*** Depi w mande nan biwo lekòl la, y ap ba w yon Barèm sou revni pou manje gratis

| REVNI OU DWE RAPÒTE | |
|--|---|
| Salè ou realize nan travay ou anvan yo retire taks. Ou dwe mete tout <i>job</i> ou fè. | Revni, salè, poubwa, komisyon, revni total apre taks pou <i>business</i> w ap mennen pou kont pa w oswa si w se yon fèmme, benefis yo peye w pandan peryòd grèv, lajan yo peye w poutèt ou pa p travay oswa konpansasyon yo peye w antanke yon moun ki pa ka travay. |
| Lajan pansyon oswa retrèt oswa sekirite sosyal | Pansyon, revni yo peye w kòm moun ki <i>retired</i> , sekirite sosyal, revni siplemantè sosyal peye w, peman antanke veteran. |
| Tout lòt revni | Revni total apre taks pou kay ou lwe moun; enterè w ap touche sou yon kòb; <i>net royalties</i> ; benefis pou andikap; lòt kalite enterè; benefis ou fè kòm asosye nan yon konpayi; lajan ou pran nan ekonomi ou gen labank; revni ou touche sou byen ou genyen, <i>trusts</i> oswa investisman; lajan moun ki pa abite nan kay la ba w regilyèman; ak tout lòt lajan ki disponib ou ka itilize pou peye pou manje pitit ou a (yo). |

**N AP MANDE MOUN NAN KAY LA POU YO PA EKRI ANBA LIY SA A – SE ANPLWAYE LEKÒL YO SÈLMAN KI DWE EKRI ANBA LIY SA A
HOUSEHOLDS DO NOT WRITE BELOW THIS LINE – FOR SCHOOL USE ONLY**

**ANNUAL INCOME CONVERSION RECOMMENDED (ONLY CONVERT WHEN MULTIPLE FREQUENCIES ARE REPORTED ON APPLICATION)
WEEKLY MULTIPLY BY 52; EVERY TWO WEEKS MULTIPLY BY 26; TWICE A MONTH MULTIPLY BY 24; MONTHLY MULTIPLY BY 12**

FOOD STAMP, TANF or Foster Child (Circle One)

INCOME HOUSEHOLD: Total Household Income/Frequency: _____ / _____ Household Size: _____

Application APPROVED for: FREE MEALS REDUCED PRICE MEALS

Temporary Free (expires in 45 calendar days). Indicate each renewal date:

1. _____ / _____ / _____ 2. _____ / _____ / _____ 3. _____ / _____ / _____ 4. _____ / _____ / _____

Application DENIED. Date Notification Letter Sent: _____ / _____ / _____

Reason for Denial: Income Too High Incomplete Application

I certify that all information reported on this form is true and the eligibility determination made is based on the information provided by the household. I understand that school officials may verify the information and the procedures for certifying this application and that deliberate misrepresentation of the information may subject me to prosecution under applicable State and Federal laws, and the school may lose meal and monetary benefits. I understand that the school principal has the ultimate responsibility for all forms filed by the household and certified at the school and at any given time may review forms for accuracy and integrity and monitor the procedures used for certification.

Signature of Reviewing Official: _____

Date Certified: _____ / _____ / _____

HEALTH INSURANCE – (HOUSEHOLDS DO NOT REMOVE)

SCHOOLS OFFICIAL - PLEASE RETURN THIS PORTION TO: THE OFFICE OF SCHOOL HEALTH 52 CHAMBERS STREET, ROOM 218, NEW YORK, NY 11007

SCHOOL NAME / NUMBER _____

BOROUGH (CIRCLE ONE) MN BX BK QU SI

Chè paran oswa gadyen legal :

Ane eskolè 2006/07

Timoun bezwen manje bagay ki nourisan pou yo ka aprann byen lekòl. Biwo pou manje nan lekòl ofri elèv yo bagay ki nourisan pou manje chak jou. Tout elèv pa gen pou peye anyen pou ti dejene, men yo dwe peye 1,50\$ pou dejene. Timoun k ap viv nan kay kote kantite lajan ki rantré a nan limit yo mete nan Règleman federal sou kantite lajan ki rantré (al gade nan do paj sa a) kalifye pou manje gratis oswa pou manje pou pi piti lajan. Manje pou pi piti lajan koute chak elèv kalifye 0,25\$ pou dejene. Pou aplike pou manje gratis oswa manje pou pi piti lajan, soumèt yon lèt sètifye andirèk Leta Nouyòk *State of New York* (NYS) Biwo Èd tanporè e pou andikap **oswa** ranpli aplikasyon nou voye avèk lèt sa a, siyen l, epi bay pitit ou a pote l tounen lekòl la touswit. Tanpri al gade direktiv nan lèt sa a lè w ap ranpli aplikasyon an. Nou pa ka apwouve yon aplikasyon si l pa konplè, kididonk, asire w ou ranpli tout enfòmasyon yo mande w yo.

ENFÒMASYON SILA YO PRAL EDE W :

1. Èske m dwe ranpli yon aplikasyon pou chak timoun?
Non. Ranpli aplikasyon an pou w aplike pou manje gratis oswa manje pou piti lajan. Ranpli sèlman yon aplikasyon pou chak kay pou tout elèv ki nan yon menm lekòl.
2. Ki moun ki ka gen manje gratis?
Timoun nan kay k ap resevwa *Food Stamps* oswa asistans tanporè pou fanmi ki nan bezwen *Temporary Assistance to Needy Family* (TANF), epi anpil timoun ki nan kay dakèy yo ka gen manje gratis kèlkeswa kantite lajan w ap touche. Metsousa, pitit ou a ka gen manje gratis si kantite lajan ki rantré nan kay ou nan limit Direktiv federal sou revni. Ou dwe mete sou yon lèt aplikasyon kote ou ranpli Seksyon II a, chak timoun ou akeyi lakay ou, epi ou dwe mete siyati yon adilt.
3. Èske yon timoun ki pa gen kay pou abite, yon timoun ki sove kite kay paran l, ak yon timoun ki fèk rantré nan peyi a ka resevwa manje gratis?
Tanpri kontakte lekòl ou a oswa Koòdonatè Elèv nan lojman tanporè pou w sa konnen si pitit ou a (yo) kalifye, si yo pa di w yo pral resevwa manje gratis.
4. Kiyès yo ka bay manje pou pi piti lajan?
Nou ka bay pitit ou a (yo) manje pou pi piti lajan si kantite lajan ki rantré nan kay la nan limit pi piti lajan Barèm federal pou revni, yo mete nan aplikasyon sa a.
5. Èske m dwe ranpli yon aplikasyon si m resewa yon lèt ane eskolè sa a ki di yo apwouve pitit mwen pou manje gratis oswa pou manje pou pi piti lajan?
Tanpri pran tan w pou w li lèt ou resevwa a epi swiv direktiv yo. Telefòn lekòl pitit ou a si w vle poze kesyon.
6. M ap resevwa WIC, èske pitit mwen an (yo) ka gen manje gratis?
Gen posiblite pou timoun ki nan kay k ap patisipe nan pwogram WIC la kalifye pou manje gratis oswa pou manje pou pi piti lajan. Tanpri ranpli yon aplikasyon.
7. Èske yo pral tcheke enfòmasyon m ap bay yo?
Lekòl la ka mande w nenpòt ki lè pandan ane eskolè a pou verifye si w kalifye. Y ap voye avize w nan yon lèt si yo deside chwazi w pou verifye enfòmasyon ou bay yo. Anplwaye nan Administrasyon lekòl la ka mande w voye papye ki pwouve pitit ou a dwe resevwa manje gratis oswa manje pou pi piti lajan lè w ap aplike.
8. Si m pa kalifye kounye a, èske m ka aplike aprè?
Wi. Ou ka aplike nenpòt lè pandan ane eskolè a si kantite moun ki nan kay ou vin ogmante, si lajan ou abitye resevwa diminye, oswa si w kòmanse resevwa *Food Stamps*, TANF, oswa lòt benefis. Si w pèdi travay ou, pitit ou a ka resevwa manje gratis oswa pou pi piti lajan.
9. E si m pa dakò ak desizyon lekòl la konsènan aplikasyon mwen an?
Ou dwe pale avèk anplwaye ki nan administrasyon lekòl la. Ou ka fè yon demann pou yo rekonsidere desizyon an lè w telefòn oswa lè w ekri : *Chief Executive, Office of School Support Services, 44-36 Vernon Blvd., Long Island City, New York 11101, Telefòn (718) 707-4300.*
10. Èske m ka aplike si gen yon moun nan kay mwen ki pa yon sitwayen ameriken?
Wi. Oumenm oswa pitit ou a (yo) pa oblije yon sitwayen ameriken pou aplike pou manje gratis oswa pou manje pou pi piti lajan.
11. Kiyès mwen dwe enkli kòm moun ki nan kay mwen?
Ou dwe enkli tout moun k ap viv avèk ou lakay ou, kit yo se fanmi w, kit yo pa fanmi w, (tankou granpè, granmè, lòt manm nan fanmi w, oswa zanmi w) nan Seksyon 4. Ou dwe enkli oumenm ak tout lòt timoun ki abite avèk ou.
12. E si kantite lajan ki rantré nan kay la pa menm touttan?
Mete kantite lajan ou konn resevwa nòmalman. Pa egzanp, si w resevwa anjeneral 1.000\$ pa mwa, men ou te manke kèk jou travay nan mwa pase a, epi ou touche sèlman 900\$, mete ou resevwa 1.000\$ pa mwa. Si anjeneral ou touche lajan pou travay ou fè anplis regilyèman, mete kantite lajan ou fè a, men pa mete l si w touche l yon fwa anpasan sèlman.

Distri lekòl la ka mande verifye nenpòt ki lè pandan ane eskolè a, enfòmasyon ou te mete nan aplikasyon an. Si w pa ka bay enfòmasyon sa a, yo pa p pèmèt pitit ou a kontinye resevwa manje gratis oswa manje pou pi piti lajan. Anplwaye ki nan administrasyon lekòl la itilize enfòmasyon nan aplikasyon an pou detèmine si pitit ou a dwe resevwa manje gratis oswa manje pou pi piti lajan. Yo ka itilize enfòmasyon estatistik sou pwogram manje gratis oswa manje pou pi piti lajan pou detèmine kalifikasyon pou Tit I e Evalyasyon nasyonal sou pwogrè nan domèn edikasyon *National Assessment of Educational Progress*, epi yo ka kominike enfòmasyon yo ba lòt ajans otorize pou pwogram nasyonal pou dejene nan lekòl.

Règleman federal ekzije lekòl ak enstitisyon yo sèvi manje san mande timoun ki gen andikap yo peye plis lajan paske andikap yo ekzije pou gen restriksyon nan dyèt yo ansòt yo pa ka patisipe nan pwogram sèvis manje a san yo pa modifiye meni yo ofri a. Ou dwe mande lekòl la pou yo bay timoun lan manje espesyal epi ou dwe bay lekòl la sètifika medikal doktè a bay. Si w kwè pitit ou a bezwen lòt kalite manje poutèt andikap li genyen, kontakte Direktè egzekitif la : *Chief Executive, Office of School Support Services*, etandone dwe gen enfòmasyon espesifik sou sètifika medikal la.

Pitit ou a ka kalifye pou asirans pou swen lasante gratis oswa pou pi piti lajan atravè yon pwogram ki rele *Child Health Plus*. *Child Health Plus* peye pou swen sante timoun ak pou pwoblèm dantè, e li disponib pou timoun ki gen mwenske 19 lane, kèlkeswa kantite lajan k ap rantré nan men paran yo oswa kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo, menm si yo pa gen dokiman legal pou rete nan peyi a. Tanpri ranpli Seksyon 6 la e yon moun pral kontakte w si w kalifye pou yo ba w avantaj sa yo.

Si w ta vle poze kesyon oswa si w bezwen yo ede w ranpli aplikasyon an, tanpri kontakte direktè lekòl pitit ou a pou l sa ede w.

Ak senserite,

Joel I. Klein
Chanselye

New York City Department of Education 2006-2007 Application for Free and Reduced-Price Meals/Milk

Use black ink, print neatly, complete one application for all children attending the same school. Return application to your child's school.

F R D

Date Withdrew: _____

HOUSEHOLDS WITH A FOSTER CHILD: If this application is for a foster child, check here AND list the child's monthly personal use income. Write "0" if the child has no personal use income. \$ _____ Complete part 2 then skip to part 5.

LIST ALL CHILDREN ATTENDING THIS SCHOOL LIVING IN HOUSEHOLD

| *Birthdate | | | Print Legal Name of Students Attending This School (* Optional Information) | | | | | | | | | | School Name | |
|------------|----|----|---|---|-----------|---------|--------|-----------|--|--|---|------|-------------|--|
| M | M | Y | First Name | M | Last Name | *Gender | *Grade | *OSIS # | | | | PS 1 | | |
| 03 | 03 | 93 | JOHN | S | BRANCH | M | 07 | 010111211 | | | School # 001 | | | |
| 10 | 15 | 94 | SUE | A | BRANCH | F | 06 | 111223456 | | | Indicate Borough: M <input checked="" type="checkbox"/> X <input type="checkbox"/> Q <input type="checkbox"/> R <input type="checkbox"/> S <input type="checkbox"/> | | | |
| 08 | 27 | 95 | THOMAS | T | BRANCH | M | 05 | | | | FOOD STAMP Case # _____ (See Instructions) | | | |
| 11 | 05 | 95 | AMY | I | LEAF | F | 05 | | | | TANF/FDPIR Case # _____ | | | |

School Name: PS 1
 School #: 001
 Indicate Borough: M X Q R S
 List the current Food Stamp case number or TANF/FDPIR number from your benefit label. Complete a separate application for children with a different case number or no case number.
 FOOD STAMP Case # _____
 (See Instructions)
 TANF/FDPIR Case # _____

List all adults and other children living in the household

List all Current Income and Pay Period

Current income is your income at the present time before taxes and other deductions. Write how much money each household member receives from each source and use the following letters to indicate how often. W = Weekly; E = Every 2 weeks; M = Monthly; T = Twice a month; Y = Yearly. If pay period is not noted, the reviewing official will process reported income as WEEKLY.

| Name | Gross Earnings from Work (Before Deductions: ALL JOBS) | Child Support/Alimony Payments | Pay from Pensions, Retirement / Social Security | Any Other Income |
|-------------|--|--------------------------------|---|------------------|
| Joe Branch | \$ 2550.45 / Y | \$ _____ / _____ | \$ _____ / _____ | \$ _____ / _____ |
| Mary Branch | \$ 275.30 / W | \$ _____ / _____ | \$ _____ / _____ | \$ _____ / _____ |
| Sally Leaf | \$ 400.00 / T | \$ 300.15 / E | \$ _____ / _____ | \$ _____ / _____ |
| Bill Leaf | \$ _____ / _____ | \$ _____ / _____ | \$ _____ / _____ | \$ _____ / _____ |
| Jill Leaf | \$ _____ / _____ | \$ _____ / _____ | \$ 400.75 / M | \$ _____ / _____ |

TOTAL HOUSEHOLD MEMBERS. Add the names listed in Parts 2 and 4 (enter 1 if Foster Child): **09**

I certify that all of the information provided is true and correct and that all income is reported. I understand that this information is given in connection with the receipt of federal funds, that school officials may verify the information on the application, and that deliberate misrepresentation of the information may subject me to prosecution under applicable state and federal laws.

Signature of adult household member completing this form: *Joe A. Branch*
 Today's Date: 09/07/06
 Adult Household Member Social Security #: 123-45-6789
 If you do not have a Social Security Number you must write the word "NONE".
 Printed Name of adult household member completing this form: **JOE A. BRANCH**
 Address: 100 Name Street, Apt # _____, City: Bronx, NY 10461, Zip: _____
 Home Phone: 718-555-4567
 Daytime Phone: 212-555-1234
 Cell Phone: _____

HEALTH INSURANCE:
 Does your child(ren) have: Medicaid Child Health Plus Health insurance through your employer
 No insurance If no, would you like a health insurance counselor to contact you? YES NO
 Free or low cost health insurance is available to all children through NYS's Child Health Plus Program regardless of immigration status. For more information, call 511.
 Print your name: Sally Leaf and indicate the best time to call: 7:00 AM PM

MACHASWIV POU MOUN K AP RANPLI APLIKASYON SA A-

Tanpri ekri ak lèt enprimri san w pa fè rati, itilize lank **nwa** pou w ranpli yon fòmilè aplikasyon pou **tout** timoun nan kay la ki nan yon **menm lekòl** epitou ou dwe ranpli yon fòmilè aplikasyon separe pou chak timoun ki pa pitit ou leta mande w pou w akeyi lakay ou.

SEKSYON 1: TIMOUN OU AKEYI LAKAY OU : Yon timoun ou akeyi lakay ou sou kont ajans sosyal sévis oswa tribinal legalman, e yo ka ba li manje kèlkeswa kantite lajan k ap rantrè nan kay ou. **Ranpli Seksyon 1, 2 ak 5 sèlman.**
REVNI : Ekri kantite lajan timoun lan resevwa pou bezwen pèsònèl li. Ekri "0" si timoun lan pa resevwa lajan pou bezwen pèsònèl li. Revni pou bezwen pèsònèl timoun lan se (a) lajan Sévis sosyal bay timoun lan dapre sèten kategori li idantifye, pou l achte rad, pou l peye lekòl epi kòm alokasyon; epi (b) tout lòt lajan timoun lan resevwa; tankou lajan fanmi l ba li ansanm ak lajan li touche nan yon travay regilye plen tan oswa tan pasyèl. Ekri konbyen fwa konsa timoun lan resevwa lajan sa yo e pou w fè sa w ap itilize youn nan lèt sila yo : (W) = pa semèn, (E) = chak de semèn, (M) = chak mwa, (T) = de fwa pa mwa, oswa (Y) = chak ane.
SIYATI: Pou youn timoun ou akeyi lakay ou, sèl sa nou ekzije sèke youn granmoun nan kay la dwe siyen **Seksyon 5** ki nan fòmilè aplikasyon an. Nou pa mande w pou w ekri youn nimewo kat Sekirite sosyal.

SEKSYON 2: SITE NON TOUT TIMOUN LAKAY OU KI NAN MENM LEKÒL : Pou chak timoun, ekri dat nesans, non l, inisyal non batèm li, siyati l, si l se youn fi oswa si l se youn gason epi ki klas l ap fè nan ti kare nou mete pou sa a. Si w konnen nimewo kat didantite pitit ou a lekòl ekri l andedan ti kare ki anba "Nimewo OSIS". Ekri nan plas yo mete pou non ak nimewo lekòl pitit ou a ye a, epi endike minisipalite kote lekòl pitit ou a sitiye. Kounye a, ou ka ranpli Seksyon 3 a. Si w ap ranpli aplikasyon an pou youn timoun ou akeyi lakay ou, ou dwe sote **Seksyon 3 ak Seksyon 4** la pou w al ranpli **Seksyon 5** lan.

SEKSYON 3: POU KAY K AP RESEVWA FOOD STAMPS OSWA TANF : Ranpli sekasyon sa a epi siyen aplikasyon an **oswa** soumèt youn **lèt otorizasyon** dirèk Biwo pou ed tanporè e pou andikap oswa youn **lèt Food Distribution Program on Indian Reservations (FDPIR)**. Ou fèt pou ranpli youn fòmilè aplikasyon apa pou timoun ki gen youn nimewo ka diferan oswa ki pa gen youn ditou.
 1. **NIMEWO KA :** Ekri nimewo ka **Food Stamps** ou a oswa nimewo ka **TANF** oswa nimewo ka **FDPIR** jan li ekri nan lèt yo voye ba w la pou benefis w ap resevwa, **pa ekri kantite lajan w ap resevwa.**
 2. **SIYATI :** Youn granmoun dwe siyen nan **Seksyon 5** aplikasyon an.

SEKSYON 4: TOUT LÒT MOUN KI NAN KAY LA : Si w pat ranpli sekasyon pou Timoun ou akeyi lakay ou, ekri nimewo kat **Food stamps** ou a oswa nimewo **TANF** la oswa nimewo **FDPIR** la, oswa soumèt youn **lèt otorizasyon dirèk, epi ou dwe ranpli Seksyon 2, 4 ak 5.**

1. **NON MOUN KI NAN KAY LA :** Ekri non tout moun ki nan kay la, kit yo resevwa youn lajan regilyèman, kit yo pa resevwa youn revni. Ekri non w ak non tout timoun ou pat site nan **Seksyon 2** a, non mari w oswa non madanm ou, granpè oswa granmè w, ak lòt moun kit yo fanmi w kit yo pa fanmi w li abite nan kay la. Pran youn lòt fèy papye pou w ekri enfòmasyon yo si w pa gen ase espas.
 2. **KANTITE LAJAN W AP RESEVWA KOUNYE A :** Ekri ki kantite lajan chak moun nan kay la ap resevwa **anvan taks oswa lòt dediksyon** nan ti kare ki akote non chak moun, epi endike kijan yo fè lajan an, pa egzanp si yo peye yo lajan an pou travay yo fè, oswa si lajan se kòb pansyon yo oswa lòt revni. Endike espesyalman konbyen fwa yo resevwa revni sa a, e pou fè sa ou dwe itilize lèt sila yo : (W) = pa semèn, (E) = chak de semèn, (M) = chak mwa, (T) = de fwa pa mwa oswa (Y) = chak ane,
 3. **SA KI PA KONSIDERE KÒM REVNI :** Ou pa dwe konsidere kòm revni pou pwogram sa a tout lajan yo peye w oswa aranjman yo fè avèk ou pou w okipe timoun lan, oswa tout lajan ou resevwa kòm peman pou w okipe timoun lan, oubyen ranbousman lajan pou sévis sa yo ou ofri timoun lan dapre Finansman pou mizanplas swen timoun **Child Care Development** (Alokasyon global gouvènman) **Fund**. Al gade nan dwe fòmilè aplikasyon pou revni an pou w li Barèm youn revni a pou w konnen si w kalife pou manje pou pi piti lajan.

SEKSYON 5: SIYATI AK NIMEWO SEKIRITE SOSYAL :
 1. **SIYATI :** Youn granmoun nan kay la dwe siyen aplikasyon an oswa yo pa apwouve aplikasyon an.
 2. **NIMEWO SEKIRITE SOSYAL :** Si w ranpli **Seksyon 4** la, ou dwe enklè nimewo kat sekirite sosyal granmoun ki siyen nan **Seksyon 5** lan. Si w pa gen youn nimewo sekirite sosyal, ekri mo **"NONE"**.

SEKSYON 6: ASIRANS MEDIKAL : Pitit ou a ka kalifye pou asirans medikal gratis oswa abonmache. Tanpri ranpli sekasyon fòm sa a pou w sa enskri pitit ou a oswa pou w sa mande pou yo voye ba w plis enfòmasyon. N ap mande w **pou w di nou non w epi ki lè ki pi bon pou nou kontakte w.** Pa retire sekasyon sa a.

ENFÒMASYON SOU LWA POU KONFIDANSYALITE

Seksyon 9 Lalwa nasyonal pou dejene nan lekòl **National School Lunch Act** ekzije w mete nimewo ka Sekirite sosyal adilt k ap siyen aplikasyon an oswa endike li pa gen youn nimewo Sekirite sosyal, amwenske nou bay nimewo ka **Food Stamps** oswa nimewo ka **TANF** oswa nimewo ka **FDPIR** pitit ou yo, oswa endike timoun lan se youn timoun ou akeyi lakay ou. Si w pa mete youn nimewo kat Sekirite sosyal oswa si w pa ekri mo "NONE" ki vle di "okenn", yo pa ka apwouve aplikasyon an. Nou ka itilize nimewo Sekirite sosyal la pou idantifye moun ki nan kay la lè n ap bezwen verifye enfòmasyon ki nan fòmilè aplikasyon an. Nou ka mete anbranl metòd verifikasyon sa yo grasa pwogram analiz, kontwòl ak envestigasyon, epi nou ka gen pou kontakte tou Biwo Leta pou sekirite anplwa pou detèmine kantite benefis ou resevwa, epi pou tcheke dokiman moun nan kay la bay pou pwouve montan lajan yo resevwa. Fòmilitè sa yo ka kòz ou pèdi oswa yo redwi benefis yo, oswa nou ka fè reklamasyon administratif, oubyen nou ka trennen w nan tribinal si enfòmasyon ou bay yo pa kòrèk.